Муниципальное казенное дошкольное образовательное учреждение
«Детский сад №4» с.п. Аргудан
Лескенского муниципального района КБР

# Конспект интегрированной непосредственной образовательной деятельности по родному языку в подготовительной группе 2

## ***«По страницам красной книги»***
## ***"Тхылъыплъыжьым и напэк1уэц1хэм"***

Составили:
воспитатели полготовительной 2 группы
Анимукова А.Х., Жигунова Р.Х.

с.п. Аргудан
2021

**Зыхуэгъэпсар**: Тхылъплъыжьым иратха псэущхьэхэр сабийхэм къегъэц1ыхуныр, тхылъым имыхьэнэр къагурыгъэ1уэныр.

**Къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжыр:**

- Тхылъплъыжьым иратха псэущхьэхэм я щы1эк1э-псэук1эм сабийхэр щыгъэгъуэзэныр;

- Псэущхьэхэмрэ къэк1ыгъэхэмрэ хъумэн зэрыхуейр сабийхэм къагурыгъэ1уэныр;

- Псэ зы1уту дунеймтетым ц1ык1ухэр хуэсакъыугъэсэныр;

- Тхылъплъыжьыр къызыхуагъэщ1ам тепсэлъыхьыныр.

**Къызэщ1иубыдэ унэт1ыныгъэхэр:** "Познание", "Коммуникация", "Художественное творчество".

**Дызыхуеину 1эмэпсымэхэр**: Тхылъплъыжьым ит псэущхьэхэмрэ къуалэбзумрэ я сурэтхэр, уэрдыхъу (обруч), коробкэ, "Тхылъплъыжь" пазлхэр, магнитофон, макъамэ, тхыгъэ, жьынду, А3 тхылъымп1э, хъыбархэр, клей, къуажьэхьхэм ехьэл1а сурэтхэр.

**Лэжьэк1эр:**

1. **Мэзыл1ым и тхыгъэр**. "Тхылъплъыжь. Плъыжьмэ - щ1ыуэпсыр щыхуп1э щхьэщытщ".

2**. 1ыхьэ нэхъыщхьэ.**

*Япэ къэувы1ап1э "Зэхуэхьэсып1э" - "Пазлыр зэхуэхьэс".*

*Ет1уанэ къэувы1ап1э "Къэщ1ап1э" - "Хэт лей?", "Псэущхьэр къэгъуэт".*

*Ещанэ къэувы1ап1э "Джэгуп1э" - "Зы, т1у, щы - къэгъаплъэ".*

*Епл1анэ къэувы1ап1э "Къащ1эрей" - къуажэхьхэр къащ1э.*

*Загъэпсэхуну мэзым к1уахэр щ1ыуэпсым зэрыхэтыпхъэ хабзэхэм топсэлъыхь.*

**3. К1эух**

"Тхылъплъыжь" альбомыр зэхагъэувэ.

Тыгъэхэр ягуэш.

## Мэзыл1ым и тхыгъэ

Жьынду 1ущым мэзым кърихащ хъыбартхылъ. Гъэсак1уэр ц1ык1ухэм къахуоджэ мэзыл1ым къитхам. "Фыуэзыншэм, ц1ык1ухэ! Си ц1эр Мэзыл1щ. Сэ мэзым сыщопсэу, жыгхэр, удзхэр, къэк1ыгъэхэр, къуалэбзур, псэущхьэхэр сохъумэ. Щы1эщ ц1ыху, мэзым зыщигъэпсэхуа нэужь, зэщ1игъэна маф1эр имыгъэунк1ыф1ыжу... Апхуэдэхэм деж мэзым маф1эс къыщыхъунк1э шынагъуэщ. Языныкъуэхэми к1эрыхубжьэрыхухэр къызэранэк1. Псэущхьэхэм дежк1э сыт нэхъшынагъуэ щы1э-т1э абы нэхърэ?! Зэхэсхащ, мы 1уэхумк1э Тхылъплъыжьыр сэбэпхъууэ. Сынызолъэ1у, мэзпсэущхьэхэмрэ ди щ1ыуэпсымрэ дадэвгъэ1эпыкъу, дывгъэхъумэ. Фып1ащ1э, ц1ык1ухэ! Тхылъплъыжьыр къысхуэвгъуэт!".

**Гъэсак1уэ:** Ц1ык1ухэ, дыдэвгъэ1эпыкъу Мэзыл1ым!ПсориТхылъплъыжьым и лъыхъуак1уэ дожьэри, напэ-напэк1э адэк1э-мыдэк1э щызэбгрыпхъатхылъыр къызэщ1ыдокъуэж. Жьындури къаддэ1эпыкъунущ.Ауэ, псом япэ щ1ык1э, къэдвгъэщ1эжыт... Сыт Тхылъплъыжьыр зищ1ысыр?

**Зэпсэлъэныгъэ:** "Тхылъплъыжь. Плъыжьмэ - щ1ыуэпсыр щыхуп1э щхьэщытщ".

Ц1ык1ухэм жэуапкъат.

***ХэтТхылъплъыжьымитхэр?***

К1уэдыжыгъуэ иува, бжыгъэк1э мащ1э хъуапсэущхьэхэр.

***Ахэр сыт хуэдэхэра?***

Щы1эщ псэущхьэ, мащ1э дыдэхъуауэ. Апхуэдэпсэущхьэхэм щхьэк1э к1уэдыжыгъуэ иува жа1э.

***Сыт ахэр мащ1э щ1эхъуар?***

Мащ1э хъуапсэущхьэхэрхабзэмкъехъумэ. Арами, ц1ыхухэр апхуэдэпсэущхьэхэм йощак1уэ, хабзэмебакъуэурэ. Ц1ыхухэр иныкъуэмдеж гущ1эгъуншэщ, абыхэмпсэущхьэхэм я фэмщыгъын къыхащ1ык1, благъуэм и фэмвакъэ, сумкэ, бгырыпх къыхадык1, пылым и бжьакъуэхэмфэилъхьэгъуэ къыхащ1ык1. Абы къыхэк1ыу, щ1эныгъэл1хэм къызэрагъэпэщащ щ1ыуэпсыр зыхъумэзэгухьэныгъэхэр ик1и хъумэннэхъ хуей псэущхьэхэркъахутэри, Тхылъплъыжьымиратхащ.

***Ар щхьэтхылъплъыжь?***

Плъыжьыркъэблагъэгузэвэгъуэм и нэщэнэщ. Къэувы1э! Къызэплъэк1! Зыщ1эгупсысык1! Щ1ыуэпсым еплъ!

***Сыт хуэдэ напэк1уэц1хэр и1э а тхылъым?***

<u>Напэк1уэц1 ф1ыц1э</u>. Апхуэдэ напэк1уэц1хэм къыщыдоц1ыху к1уэдыжыпа псэущхьэхэр.

<u>Напэк1уэц1 плъыжь</u>. К1уэдыжыгъуэ ихуапсэущхьэхэмтеухуащмыр.

<u>Напэк1уэц1 гъуэжь</u>. Зибжыгъэм псынщ1э дыдэу хэщ1псэущхьэ л1эужьыгъуэхэм теухуауэ.

<u>Напэк1уэц1 щхъуафэ.</u> Щ1эныгъэм ф1ыуэ хуэмыджа, зи псэуп1эхэми тэмэмущымыгъуазэпсэущхьэхэмтеухуащ.

<u>Напэк1уэц1 хужь</u>. Сытым дежизибжыгъэр мащ1эу щытапсэущхьэхэр къыщыдоц1ыху апхуэдэ напэк1уэц1хэм.

<u>Напэк1уэц1 удзыфэ.</u> Щыхуп1эм къраша, зибжыгъэм ф1ыуэ хагъэхъуэжапсэущхьэхэмтеухуауэ.

**Гъэсак1уэ**: Афэрым, 1ущыцэ ц1ык1ухэ!

Еуэтиджы, девгъэжьэжыт!

Гъуэгуанэшхуэкъытпэщылъщ...

Диныбжьэгъухэркъыздэдвгъащтэт,

Дуней куэщ1ым дыниплъэнщ.

*Макъамэкъоуэ. Маф1эгум ису, сабийхэр гъэсак1уэщ щ1ыгъуу мак1уэ.*

*Япэ къэувы1ап1э "Зэхуэхьэсып1э".*

**Ц1ык1ухэ, япэ къэувы1ап1эм дыкъэсащ. Абы зэреджэр "Зэхуэхьэсып1эщ".** (Гъэсак1уэм джэгум и хабзэхэр ц1ык1ухэм къагурегъа1уэ).**Мы къэувы1ап1эм дэ щызэхуэтхьэсынхуейщТхылъплъыжьымитпсэущхьэхэм я пазлхэр. Къищынэмыщ1ауэ, ахэрщыпсэу щ1ып1эхэри къит1уэн хуейщ.**

Ц1ык1ухэм гупит1-щыуэ зыгуэшри, пазлхэрзэхуахьэс. Абы иужьк1э, жьындумабыхэмкъаретТхылъплъыжьым и япэ напэк1уэц1ыр.

*Ет1уанэ къэувы1ап1э "Къэщ1ап1э".*

**Гъэсак1уэ: Ц1ык1ухэ, иджыдыкъэсащ ет1уанэ къэувы1ап1эм. Абы и ц1эр "Къэщ1ап1эщ".** (Гъэсак1уэм къребжэк1джэгухабзэхэр). **Мы къэувы1ап1эм дыщыджэгунущ "Хэтлейр?" жыхуи1э джэгук1эм. Псалъэм папщ1э, фызогъэлъагъу псэущхьипл1ым я сурэти, Тхылъплъыжьымимытырдэтхэнэрами къывощ1э.**

*Джэгу-зэ1эпах "Къэгъуэтпсэущхьэр".*

Уэрдыхъуит1 (обруч) ягъэ1ылъ.

**Гъэсак1уэ: Ц1ык1ухэ, уэрдыхъуплъыжьымиволъхьэтхылъплъыжьымитпсэущхьэхэр, гъуэжьым - мыдрейпсэущхьэхэр. Макъамэм зэрыщ1идзэу, чэзу-чэзук1э коробкэмфыбгъэдолъадэри, сурэтхэркъывох, уэрдыхъумиводзэри, жэрыжэугупымфогъэзэж. Зэпеуэриуханэужь, гупхэмзэхуэфхьэсасурэтхэруэрдыхъухэмтывогуэшэж.**

*Ещанэ къэувы1ап1э "Джэгуп1э"*

**Гъэсак1уэ: Ещанэ къэувы1ап1эм дыкъэсащ, ц1ык1ухэ. Абы дызэреджэр "Джэгуп1эщ".** ***"Зы, т1у, щы - къэгъаплъэ"*** **джэгум и хабзэхэр къывэзгъэц1ыхунщ. Зэ 1эгу сеуэмэ - мыщэхужь, 2 сеуэмэ- бланэ, 3сеуэмэ - дыгъужьплъыжь, 4 сеуэмэ- морж. Фэкъэвгъэлъэгъуэнхуейщдэтхэнэми и хьэл-щэныр, зек1уэк1эр. 1эгуауэ къэмы1умэ, макъамэркъемыуэмэ, псомипэшыр къызэхак1ухьыу аращ.**

*Епл1анэ къэувы1ап1э "Къащ1эрей"*

**Мисиджыдыкъэсащ, "Къащ1эрей" жыхуа1э, епл1анэ къэувы1ап1эм(джэгум и хабзэмтеухуауэгуэдзэнымеплъ).**

**Афэрым, ц1ык1ухэ! Къызэрыщ1эк1ымк1э, ди хьэщ1эм, жьындум, иджыризы лъэ1у къытхуи1эжщ. Ар къыдолъэ1у мэзымзыщигъэпсэхуну к1уа дэтхэнэзыми ищ1эн хуейрзэхэдгъэувэну. И1эт, дыдэвгъэ1эпыкъут.**

1. Щ1ыуэпсым щыплъагъуруигуибубыдэнхуейщ.
2. Лъэслъагъуэхэм дрок1уэ.
3. Къудамэхэр пытщ1ык1ыркъым.
4. Удзхэмрэ къэк1ыгъэхэмрэ дытеувэркъым.
5. Инудыпсалъэркъым, дык1ийкъым, макъамэринудэтшейкъым.
6. Абгъуэхэм де1усэркъым.
7. Хьэпщхупщхэркъэдубыдыркъым.
8. 1эгъэбэгухэр зэхэткъутэркъым.
9. Хьэндыркъуакъуэхэркъэдубыдыркъым.
10. Бэджыхъхэртчатхъэркъым.
11. Маф1эр догъэунк1ыф1ыж.
12. Хъумп1эц1эджыгъуэхэр ткъутэркъым.

**Гъэсак1уэ: Ц1ык1ухэ, сыту фыгубзыгъэ! Жьындум и лъэ1ур дгъэзэщ1ащ, дыдэ1эпыкъуащ, ауэ дэ Тхылъплъыжьым и напэк1уэц1хэр зэхуэтхьэсырт, фщыгъупщэжа?! Феплъыт - иджызыризэхуэтхьэсакъым. Сыт тщ1эн хуейр ц1ыху псоми щыхуп1э иувапсэущхьэхэр къац1ыхун папщ1э? (Тхылъплъыжьырхъыбархэмрэ сурэтхэмк1э дгъэнщ1ыну).**

*Ц1ык1ухэр зэдэ1эпыкъуурэ тхылъплъыжьырзэхуахьэс, сурэтхэр я п1э ирагъэзагъэ. апхуэдизу 1уэхум зэрел1эл1ам папщ1и тыгъэхэрхуагъэфащэ.*

*Къуажэхьхэр:*

К1агуэм телъпщамп1эр къытелъэтщ, бацэ ц1ык1ухъури щ1эпхъуэжащ. Хэт ар? (**Къэдэхь, хорёк**)

Къэуваууэбжэм адрыщ1к1э,
Кхъы1э, 1уфхыт же1э.
Уигум щ1ыхьэу ар мэпщ1эу…
Хэт къэлъа1уэр? Жыф1эт? (**Мэзджэду**)